



Pou Piblikasyon Imedya: 21/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 21 PWOJÈ KI POTE TRANSFÒMASYON NAN REJYON MID-HUDSON KÒM YON PATI NAN INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA AK PWOGRAM NY FORWARD LA**

*Yo te anonse 21 pwojè nan Port Jervis, Sleepy Hollow, Cornwall ak Cornwall-on-Hudson*

*Detay sou Pwojè yo Disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon total 21 pwojè ki pote transfòmasyon pou rejyon Mid-Hudson nan kad de pwogram devlopman ekonomik: Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la ak NY Forward. Yon total nèf pwojè yo te anonse pou Vil Port Jervis, gayan 6è Faz yon prim DRI 10 milyon dola; yo te anonse sèt pwojè pou Vil Cornwall ak Vilaj Cornwall-on-Hudson, yon gayan 1è Faz yon prim 4.5 milyon dola NY Forward; epi yo te anonse senk pwojè pou Vilaj Sleepy Hollow, yon gayan tou nan 1è Faz yon prim 4.5 milyon dola NY Forward.

"Anpil Jenerasyon Nouyòkè yo te fè eksperyans sant vil Mid-Hudson istorik ak vibran, epi n ap pran mezi pou pwoteje avni yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gwo investisman sa yo pral mennen yon revitalizasyon ekonomik pou biznis yo ak kominote lokal yo epi kreye yon plas kote fanmi yo ka pwospere."

**Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) la**

Yo te nonmen Vil Port Jervis gayan rejyon Mid-Hudson nan sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la an 2023. Nèf pwojè yo chwazi yo ap chèche bati sou bote ak opòtinite Rivyè Delaware panoramik ak mòn ki antoure yo ak cham istorik anba lavil la lè yo kreye yon sant vil pou plizyè jenerasyon ak teknoloji inovan ki itilize pa diferan mòd transpò, aksesib pou pyeton, divèsifye sou plam ekonomik ak dirab sou plan klimatik.

Nouvo investisman ki konbine avèk investisman pase yo pral kreye yon anviwònman solid pou reyabilitasyon ak reyitilizasyon adaptate bilding istorik anba lavil yo ak devlopman teren ki enkòpore opòtinite rezidansyèl pou moun ki gen revni miks.

Investisman DRI yo fè pati efò kontinyèl Gouvènè a pou revitalize ekonomi an epi kreye plis opòtinite nan rejyon Mid-Hudson lan. Se Depatman Deta (Department of

State, DOS) k ap dirije DRI ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap patisipe yo ap devlope yon Plan Investisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik avèk yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la.

Pwojè espesifik yo pral finanse atravè plizyè objektif ak estrateji sipò DRI ki nan Plan Investisman Estratejik kominote a, tankou anplifye sans inik vil la avèk yon eksperyans reyèl ak otantik ki pral yon katalizè pou kwasans òganik alavni epi ki pral ankouraje devlopman ki enklizif pandan l ap anbrase eritaj solid li yo ak divèsite etnik li.

Vil Port Jervis te rejwenn kominote Middletown, Kingston, New Rochelle, Peekskill, Ossining, Haverstraw, ak White Plains, ki te ganyan rejyon Mid-Hudson nan sèt premye faz DRI yo.

Investisman 9.7 milyon dola Eta a nan pwojè sa yo atravè DRI a ap ogmante investisman piblik ak prive siplemantè yo pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye epi pran anplè.

### **Nèf Pwojè DRI yo, ki totalize 9.7 milyon dola, gen ladan:**

#### **Revitalize Riverside Park lè yo ajoute lòt ekipman pou rekreyasyon ak lwazi: 2,657,000 dola**

Pwojè a pwopoze pou amelyore Riverside Park nan rekonstwi tou dlo a pou mete yon pano "Byenveni nan Port Jervis" (Welcome to Port Jervis), devlope yon nouvo pavyon, yon lakou rekreyasyon tout enklizif, yon sèn ak anfiteyat, teren pickleball, yon teren baskètbòl, yon skatepark ak yon teren mini-gòlf.

#### **Etabli yon bilding rezidansyèl ak komèsyal pou itilizasyon miks nan 103 Jersey Avenue: 2,000,000 dola**

Pwojè sa a pral konstwi yon bilding rezidansyèl pou itilizasyon miks sou yon pakin ki pa itilize ase sou Jersey Avenue pou enkli karakteristik dirabilite ak inite rezidansyèl abòdab.

#### **Devlope yon bilding rezidansyèl ak komèsyal pou itilizasyon miks nan 29 Front Street: 1,500,000 dola**

Pwojè a pral konstwi yon nouvo bilding apatman pou itilizasyon miks ak vitrin magazen nan yon stil ki konsistan avèk karaktè anba lavil Port Jervis la.

#### **Renove etaj anwo yo nan 46 Front Street an espas komèsyal ak rezidansyèl: 707,000 dola**

Pwojè a enplike renovasyon dezyèm ak twazyèm etaj vid 46 Front Street pou itilizasyon komèsyal ak apatman. Amelyorasyon yo pral gen ladan tou amelyorasyon nan twati kay la ak enstalasyon yon eskapab ensandi.

#### **Transfòme 22 Jersey Avenue an yon espas kreyatif pou plizyè itilizasyon ak espas pou vann an detay, estidyo ak evènman: 522,000 dola**

Pwojè sa a pral gen ladan renovasyon premye ak dezyèm etaj yo pou pèmèt espas ko-travay, estidyo ak espas evènman, galeri, magazen an detay ak kafe ansanm ak amelyorasyon pwoteksyon ensandi pou tout bilding lan.

**Retabli Bilding Istorik Krauss Photo Shop la, kreye nouvo espas komèsyal ak rezidansyèl: 300,000 dola**

Pwojè sa a pwopoze pou renove yon bilding vid pou mete apatman nan dezyèm ak twazyèm etaj la ak yon espas komèsyal nan premye etaj la.

**Amelyore Streetscape nan Jersey Avenue: 1,064,000 dola**

Pwojè sa a pral amelyore peyizaj lari a sou Jersey Avenue, pou bay aksè ak amelyorasyon pou kalme sikilasyon, akomodasyon adisyonèl pou pyeton ak siklis ak nouvo ekipman pou peyizaj lari yo.

**Kreye yon Fon pou Ti Pwojè pou amelyore fasad, etaj anwo yo ak espas nan Anba Lavil Port Jervis: 600,000 dola**

Yon Fon pou Ti Pwojè pral pèmèt yon seri ti pwojè anba lavil, tankou amelyorasyon fasad, amelyorasyon renovasyon bilding nan espas komèsyal oswa espas pou itilizasyon miks, amelyorasyon etaj anwo yo ak akizisyon ekipman pèmanan.

**Aktive Anba Lavil Port Jervis ak yon Pwogram kreyayon espas ak maketin, mak, ak amelyorasyon domèn piblik yo: 350,000 dola**

Pwojè sa a pral devlope yon pwogram pou kreye espas pou Port Jervis ki gen ladan maketin, mak, medya dijital, sinyalisasyon oryantasyon ak amelyorasyon domèn piblik.

**NY Forward**

Baze sou elan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) reyisi eta a, pwogram NY Forward 100 milyon dola a adopte menm estrateji "Planifye epi Aji" tankou DRI pou sipòte yon rekiperasyon anba lavil ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo. Envestisman NY Forward fè pati efò kontinyèl Gouvènè a pou revitalize ekonomi an epi kreye plis opòtinite nan rejyon Mid-Hudson la.

Vil Cornwall ak Vilaj Cornwall-on Hudson (Cornwall), ak Vilaj Sleepy Hollow se premye kominote Mid-Hudson ki resevwa finansman atravè 1è Faz pwogram NY Forward.

Pwojè NY Forward Cornwall yo pral finanse yo pral bati sou distri komèsyal anbalavil aktif Vil la ak Vilaj la, melanj san pwoblèm atraksyon kiltirèl inik, sit istorik, resous natirèl ak panoramk, ekipman ki favorab pou fanmi ak opòtinite rekreyasyon pandan y ap prezève resous natirèl ak istorik yo, ki mete aksan sou bote Hudson Valley epi ki bay koneksyon ant sant vil yo, Rivyè Hudson ak atraksyon rejyonal yo.

**7 Pwojè NY Forward Cornwall yo, ki totalize 4.5 milyon dola, enkli:**

**Relye anbalavil Cornwall atravè yon sanyè konektè pou Polinizatè: 1,133,000 dola**  
Amelyore twotwa yo ak pasaj pou pyeton yo epi ajoute atizay piblik, mèb lari inifòm, yon twalèt piblik, pye bwa nan lari ak plantasyon polinizatè pou fasilite yon koneksyon

pyeton ki totalman aksesib, enteresan epi ki an sekirite soti nan Medical Group nan Cornwall Montefiore St. Luke la atravè alafwa Vil la ak Vilaj anba lavil yo.

**Renove teyat istorik Storm King Theater la nan 2 Idlewild Avenue an yon espas teyat polivalan: 773,000 dola**

Amelyore bilding istorik Storm King Theatre a nan konvèti de espas enteryè diferan an yon teyat bwat nwa pou sèvi kòm yon espas ki akse sou kominote a ak yon sal separe ak teyat dine ki ta entegre nan yon restoran ki egziste deja.

**Transfòme Pak Riverlight an yon pak piblik enklizif: 783,000 dola**

Amelyore Riverlight Park ak nouvo karakteristik tankou yon pasaj ki konfòme ak ADA ak yon pwomnad naratif ozalantou Ring's Pond, twalèt ki konfòm ak ADA, yon lakou rekreyasyon enklizif ak yon nouvo pak paten. Lòt eleman pwojè yo enkli amelyore drenaj ak jaden lapli, renovasyon glasi a pou itilize kòm yon paviyon piblik ak renovasyon Sands Ring Homestead Museum.

**Prezève estrikti istorik nan Farm Donahue pou amelyore programmasyon ak aktivite: 649,000 dola**

Prezève eksteryè etab Donahue Farm la epi renove glasi a pou akomode pwogramasyon piblik. Lòt amelyorasyon enkli konstriksyon nouvo twalèt ak yon kyòs pou vizitè pou fasilite itilizasyon piblik sit la.

**Konstwi yon santye sou wout Dock Hill pou konekte litoral la ak Donahue Farm ak anba lavil la: 480,000 dola**

Konstwi yon santye 2,500 pye lineyè pou pèmèt yon koneksyon an sekirite pou pyeton ant anba lavil, Donahue Farm ak litoral la, ki gen ladan 900 pye lineyè nan santye ki egziste deja ki dwe amelyore. Pwojè a gen ladann nouvo twotwa, chemen an wòch kraze, ak amelyorasyon drenaj.

**Etabli yon Fon pou ti Pwojè pou Sipòte Biznis Lokal yo (300,000 dola)**

Etabli yon Fon pou Ti Pwojè pou bay kominote biznis la resous pou amelyore vitalite ekonomik davantaj Anba Lavil Cornwall. Pwojè yo ka gen ladan amelyorasyon fasad, amelyorasyon enteryè ki pèmèt ekspansyon biznis, ak lòt pwojè amelyorasyon kapital yo.

**Etabli epi aplike yon mak, maketin, ak estrateji orayntasyon: 382,000 dola**

Amelyore vizibilite Anba Lavil Cornwall epi atire nouvo rezidan, biznis, ak vizitè nan Anba Lavil Cornwall lè w etabli mak Cornwall, devlope yon estrateji maketin, ak enstale pano oryantasyon.

Pwojè yo ki pral finanse pa NY Forward Sleepy Hollow a pral kiltive yon kominote vibran, akeyan ak aksesib fasilman ki selebre divèsite kiltirèl li yo epi ki ofri yon modèl lavi dirab nan konekte anba lavil la ak katye ki antoure yo, abòde bezwen pou yon seri kalite lojman, ankouraje devlopman ekonomik enklizif ak montre bote natirèl Vilaj la atravè espas ouvè li yo.

## **5 Pwojè NY Forward Sleepy Hollow yo, ki totalize 4.5 milyon dola, enkli:**

**Transfòme Strand Theatre an yon Sant Atistik ak Kiltirèl Kominotè: 1,500,000 dola**  
Renovasyon Strand Theatre an yon sit pou plizyè objektif pou prezante yon seri pèfòmè ak atis divèsifye Teyat la pral genyen espas estidyo pou atis lokal oswa gwoup atistik, yon galri ak pwochen Sant Vizitè Sleepy Hollow la.

**Kreye "Plaza Nueva" ak Rekonsewa Pak nan Morse School la: 1,000,000 dola**  
Renove pak nan Morse School la pou kreye yon destinasyon ak yon resous valab pou kominote a, ki gen ladan nouvo ekipman pou jwe ak nouvo zòn pou chita.

**Amelyore peyizaj lari nan Ri Cortlandt: 1,200,000 dola**  
Retabli peyizaj lari yo sou Cortlandt Street ak nouvo twotwa ak pasaj pou pyeton, amelyorasyon drenaj, pye bwa, ekleraj, nouvo mèb lari ak kat estasyon rechaj EV yo.

**Konstwi Lojman Abòdab nan 100 College Avenue: 500,000 dola**  
Devlope pwopriyete ki pa itilize yo nan 100 College Avenue ak yon devlopman lojman abòdab ki akse sou transpò piblik.

**Enstitiye yon Fon Amelyorasyon Fasad: 300,000 dola**  
Etabli yon fon amelyorasyon fasad ki pral pèmèt pwopriyete biznis ak pwopriyete yo amelyore fasad bilding yo an akò ak Nòm Konsepsyon Renovasyon Fasad Sleepy Hollow Anba Lavi yo.

**Sekretè Deta New York Enterimè, Brendan C. Hughes, te deklare,** "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi Eta a ak pwogram NY Forward la ap bay yon nouvo lavi nan kominote yo atravè eta a. Atravè pwogram sa yo, Port Jervis, Sleepy Hollow ak Cornwall te idantifye yon seri pwojè transfòmatif ki bati sou bote natirèl ak atou istorik ki egziste nan kominote yo pou kreye plis opòtinite lwazi, lojman ak biznis pou rezidan yo. Nou pa ka tann pou nou travay ak kominote sa yo pou ede fè vizyon yo tounen yon realite."

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** "Investisman sa yo nan Port Jervis, Cornwall, Cornwall-on-Hudson, ak Sleepy Hollow demontre ke New York pran angajman pou konstwi kominote yo pou fanmi yo ka pwospere. Finansman 19 milyon sa a pral ogmante opòtinite lojman, ankouraje kwasans ekonomik, amelyore rekreyasyon, epi fè rejyon Mid-Hudson ak Delaware River Valley pi atiran pou fanmi jodi a ak alavni yo. Gras ak Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan gouvènman an, Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la ak NY Forward ap fè yon diferans pou tout Nouyòkè yo."

**Senatè Eta a, James Skoufis te deklare,** "Pwojè DRI ak NY Forward ki fini yo pral bati sou sa kote ki vibwan ak istorik sa yo deja gen pou ofri, epi fè yo pi aksesib, dirab, ak ekonomikman solid pou alontèm. Patisipasyon kominote a nan planifikasyon inisyativ sa yo se te yon pisans prensipal pou Port Jervis, Cornwall, ak Cornwall-on-Hudson, epi ak

kalite angajman sa a, devlopman ekonomik pral yon eleman ki chanje jwèt la pou kominote sa yo. Mwen remèsye Gouvènè a pou patenarya li sou efò enpòtan sa a."

**Manm Asanble Christopher W. Eachus te deklare,** "Cornwall se yon vil ki gen yon distri anba lavil vibran epi k ap grandi. Kounye a, gras ak envèstisman eta a, vil la gen chans pou l konekte ekipman inik kiltirèl li yo ak bote natirèl Hudson la. Premye faz pwogram NY Forward sa a pral fè gwo envestisman nan pak, enfrastrikti, ak ti biznis nan vil Cornwall ak vilaj Cornwall-on-Hudson yo. Rezidan yo ak vizitè yo menm pral gen yon chans pou yo pwofite pi plis yon Cornwall revitalize - kit se nan teyat Storm King ki renove, yon nouvo pak piblik, oswa santye polinizatè ki pral konekte anbalavil vil la ak vilaj yo. Mwen fyè dèske mwen te goumen pou envestisman enpòtan sa yo, epi mwen envite tout moun vin vizite Hudson Valley pou wè bote inik nou an pèsònèlman."

**Manm asanble Karl Brabenec te deklare,** "Nouvo pwojè envestisman ki apwouve epi k ap avanse yo pral ofri yon revitalizasyon konplè nan zòn rezidansyèl nou yo, epi mwen pa ta ka pi kontan tande ki travay yo pral fè. Soti nan lari revitalize ak devan magazen yo rive nan bòdmè ak prezèvasyon sit istorik, nou pral wè yon transfòmasyon ke jenerasyon k ap vini yo pral jwi. An patenarya ak biwo gouvènè a, mwen vle felisite kominote Hudson Valley yo, epi mwen pa ka tann pwojè sa yo fini!"

**Sipèvizè Vil Cornwall, Josh Wojehowski te deklare,** "Kominote nou an kontan pou l avanse ak pwojè transfòmasyon sa yo ki pral ede vil Cornwall ak Vilaj Cornwall-on-Hudson reyalize vizyon li genyen pou pi byen konekte tou de zòn anba lavil yo, pou pwofite bote panoramik nou yo, opòtinite lwazi deyò ak resous touristik enpòtan tankou Storm King Art Center, Akademi Militè West Point lan ak Black Rock Forest pou amelyore ekonomi lokal nou an epi ogmante dinamisite tou de zòn anba lavil yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak ekip li a paske yo te chwazi nou nan 1e Faz pwosesis sibvansyon NY Forward la epi yo te kwè nan plan nou an pou lavni. Komite Planifikasyon Lokal la ak konsiltan yo te travay di sou pwosesis la an 2023 epi nou te fini ak gwo rezilta."

Kominote DRI ak NY Forward yo te devlope Plan Enplemantasyon Estratejik (SIP), ki kreye yon vizyon pou lavni anba lavil yo epi idantifye ak rekòmande yon seri pwojè konplèmantè, transfòmatè ak egzekitif ki sipòte vizyon sa a. SIP yo gen yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee, LPC) ki gide yo ki gen ladan lidè lokal ak rejyonal, moun ki gen enterè yo, ak reprezantan yo nan kominote a, avèk asistans yon konsiltan deziyen ak anplwaye DOS, yo tout fè anpil kontak ak angajman kominotè lè y ap detèmine pwojè yo.

### **Enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward**

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) ak NY Forward se poto mitan politik devlopman ekonomik eta a. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou envestisman. Pwogram NY Forward la te kreye an 2022 pou revitalize kominote ki pi piti ak riral yo atravè Eta a pou tout kominote yo ka benefisye efò revitalizasyon Eta a, kèlkeswa gwosè, karaktè, bezwen ak defi yo. Dirije

pa Depatman Deta (Department of State, DOS) — avèk asistans Depatman Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Department of Housing and Community Renewal, HCR), Empire State Development (ESD) ak Otorite Rechèch & Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research & Development Authority, NYSEERDA), DRI ak NY Forward reprezante yon estrateji "planifye-anwit-aji" san parèy ak inovatè ki asosye planifikasyon estratejik avèk aplikasyon imedya. Tou de pwogram yo ap kreye yon mas kritik anba lavil dinamik nan chak rejyon nan Eta a k ap amelyore devlopman ekonomik, pwomouvwa kalite lavi, ankouraje devlopman sosyo-ekonomik ak atenn objektif klimatik anbisye eta a.

Nan sèt premye faz DRI a, eta a te angaje 800 milyon dola, investi nan 81 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman pou redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Nan premye de faz NY Forward yo, eta a te angaje 200 milyon dola, investi nan 43 anba lavil ki piti ak riral yo.

Avèk angajman Gouvènè a pou yon lòt 100 milyon chak pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward, eta a ap investi kounye a yon total konbine 1.2 milya dola nan tou de pwogram yo depi kòmansman yo, ki sèvi 124 kominote antou.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)